**दिन–मंगलवार** **दिनांक–11.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि अछि जे सरकार अपराधिक घटना सभ पर कार्रवाई करैत अछि। आइ विधान परिषद मे ओ कहलनि जे, ओ स्वयं अपराधिक घटना सभक संज्ञान लैत छथि। ओ कहलनि जे जेकियो दोषी पाओल जाइत अछि ओकरा पर विधि सम्मत कार्रवाई होइत अछि।

---

उप मुख्यमंत्री सह खान एवं भूतत्व मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि अछि जे बाउलक कालाबाजारी रोकबाक लेल सरकार ऑनलाईन माध्यमे बाउलक बिक्री करत। एक प्रश्नक उत्तर मे ओ कहलनि जे एहि लेल बालू मिग पोर्टलक शुरूआत कएल जायत। संगहि कहलनि जे बाउलक बिक्री लेल सरकारी डिपो सेहो खोलल जायत।

---

जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी कहलनि अछि जे बाइढ़क समस्याक समाधानक लेल केन्द्र सरकार सँ एगारह हजार पांच सौ करोड़ रूपैयाक सहायकता भेटल अछि। बजट पर चर्चा करैत श्री चौधरी कहलनि जे एहि सँ बाढिक समस्याक समाधान होयत। जल संसाधन मंत्री कहलनि जे आगामी वित्तीय वर्षक बजट मे पश्चिमी कोसी नहर परियोजनाक लेल वित्तीय मदक प्रावधान कएल गेल अछि, जाहि सँ कोसीक मिथिला क्षेत्र में बाढ़िक समस्याक समाधान होयत।

---

राज्य सरकार कहलक अछि जे प्रदेश मे अलग–अलग नियमक तहत गठित भाषाई अकादमी सभक एकीकरण कएल जायत। विधानसभा मे एक प्रश्नक उत्तर मे शिक्षामंत्री सुनील कुमार कहलनि जे मैथिली, मगही, भोजपुरी आ बंगला भाषा अकादमी सभक स्थिति ठीक नहि अछि। शिक्षामंत्री कहलनि जे एहि अकादमी सभक लेल कुल मिलाकऽ छिहत्तरि टा पद स्वीकृत अछि, लेकिन रिक्त पदक लेल अलग–अलग मानकक कारणे नियुक्ति सभ मे परेशानी भऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे सरकार पद सभक युक्तिकरणक निर्णय कएलक अछि आ बिहार राज्य कर्मचारी चयन आयोगक माध्यम सँ आब नियुक्ति सभ कएल जायत।

———————————————————————

शिक्षामंत्री सुनील कुमार कहलनि अछि जे प्रदेश मे उच्चतर शिक्षण संस्थान सभमे शोध आ अनुसंधान कँ बढ़ावा देबाक लेल प्रधानमंत्री उच्चतर शिक्षा अभियान, पीएम–उषाक तहत तीन सौ अड़सठि करोड़ रुपैयाक सहायता राशि प्राप्त भेल अछि। विधानसभा मे एक प्रश्नक उत्तर मे ओ कहलनि जे राष्ट्रीय मूल्यांकन आ प्रत्यायन परिषद, नैक सँ मानकीकरणक समस्याक समाधान एहि वर्ष अप्रील–मई महिना तक भऽ जाएत।

———————————————————————

राज्य सरकार कहलक अछि जे राज्य कर्मी सभक लेल कैशलेस स्वास्थ्य बीमा योजना लागू करबा पर कार्य चलि रहल अछि। स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय एक प्रश्नक उत्तर मे विधान परिषद मे ई जानकारी देलनि। श्री पांडेय कहलनि जे वित्त आ स्वास्थ्य विभाग एहि पर चर्चा कयलक अछि। ओ कहलनि जे एहि मुद्दा पर अगिला वित्तीय वर्ष मे समाधान निकालि लेल जायत।

———————————————————————

केन्द्र सरकार अगिला तीन साल मे देशक सभ जिला मे डे केयर कैंसर सेंटर खोलत। आइ राज्यसभा मे एक टा पूरक प्रश्नक उत्तर दैत केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जे.पी नड्डा कहलनि जे दू हजार पच्चीस–छब्बीस मे दू सौ डे केयर कैंसर सेंटर खोलल जायत। हालहि मे आएल एकटा रिपोर्टक हवाला दैत श्री नड्डा कहलनि जे आयुष्मान भारत–पीएम जन आरोग्य योजनाक क्रियान्वयन सँ कैंसर रोगी सभक स्क्रीनिंग कँ तीस दिनक भीतर उपचार शुरू भऽ जाइत अछि।

————————————————————————————

बिहार पुलिस मे सिपाहिक उन्नैस हजार आठ सौ अड़तीस पद पर नियुक्ति होयत। केन्द्रीय चयन परिषद, सिपाही भर्तीक अध्यक्ष जीतेन्द्र कुमार आइ पटना मे संवाददाता सभक संग बातचीत मे ई जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे एहि मे छओ हजार सत्रह पद महिलाक लेल आरक्षित रहत। आवेदनक प्रक्रिया अठारह मार्च सँ शुरू होयत। आवेदनक अंतिम तिथि अठारह अप्रील निर्धारित अछि। विशेष जानकारी पर्षदक वेवसाइट पर उपलब्ध अछि।

————————————————————————————

केन्द्रीय गृह राज्यमंत्री नित्यानंद राय कहलनि अछि जे गृहमंत्री अमित शाहक घोषणाक अनुरूप मिथिला मे माता सीताक भव्य मंदिरक निर्माण होयत। आइ नई दिल्ली मे पत्रकार सभ सँ बातचीत मे श्री राय कहलनि जे गृहमंत्रीक एहि घोषणा सँ क्षेत्रक लोकक पुरान मांग पूरा होयत।

————————————————————————————

राज्य सरकार बर्ड फ्लूक बढ़ैत मामिलाक देखैत मध्यान भोजन योजनाक तहत बच्चा सभ के अंडा देबा पर रोक लगेबाक फैसला कयलक अछि। मध्यान भोजन योजनाक निदेशक साहिला बतौलनि जे अगिला आदेश तक प्रत्येक शुक्र दिन कऽ अंडाक जगह पर बच्चा पर मौसमी फल देल जायत।

———————————————————————————

नोकरीक बदले जमीन घोटाला मामिला मे दिल्लीक राउज एवेन्यू अदालत राजद नेता तेज प्रताप यादव आओर हुनक बहिन हेमा यादव कँे जमानत दऽ देलक अछि। एकर अलावे कतेको अन्य आरोपी सभकँे सेहो एहि मामिला मे जमानत भेटल अछि। एकरा सभकँे पचास–पचास हजार रुपैयाक निजी मुचलका पर जमानत देल गेल।

———————————————————————————

मधेपुरा जिलाक उदाकिशुनगंज थाना क्षेत्रक झलारी गामक समीप एक टा पिकअप वैनक चपेट मे अयला सँ मोटरसाइकिल सवार तीन टा लोकक मृत्यु भऽ गेल। तीनू एकहि परिवारक छलाह।

———————————————————————————

समाप्त भेल।